



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon imedyat: 27 septanm 2013

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA KI ENTÈDI YO VANN ODETAY DXM BAY MOUN KI POKO GEN 18 LANE

Lwa a ap eseye limite konsomasyon ak move itilizasyon Dextromethorphan ("DXM") lakay minè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lwa ki entèdi famasi ak magazen vann Dextromethorphan (DXM) – yon sibstans yo jwenn nan medikaman grip ki vann lib eki koze pwoblèm grav pou sante si yo konsome l anpil – bay ankenn moun ki poko gen 18 lane sòf si yo gen preskripsyon.

Nouvo lwa ap rezoud pwoblèm tinedjè kap itilize deplizanpli DXM pou yo "high" ak danje ki vin ak pratik sa. DXM se yon engredyan ki koupe tous yo jwenn nan medikaman grip ki vann lib ak medikaman grip tankou Robitussin ak Nyquil. Ogmantasyon itilizasyon DXM ka bay pwoblèm sante grav pou yon ti bout nan ak yon bon bout tan tankou ajitasyon, paranoya, alisinasyon ak lanmò.

"Lwa sa pral konbat tandans ogmantasyon konsomasyon DXM grasa entèdiksyon pou jèn moun achte fasilman pwodi ki gen DXM," te deklare Gouvènè Cuomo. "Twòp itilizasyon medikaman sa ka gen konsekans terib, kidonk lè li limite aksè pou jwenn medikaman sa, nouvo lwa sa pral anpeche trajedi epi pwoteje sante timoun nou yo. Mwen remèsye Senatè Grisanti ak Manm Asanble Jaffee pou travay yo sou lwa enpòtan sa."

Dapre nouvo lwa sa (S.696-B / A.933-B), tout detayan kap vann DXM pral oblije mande prèv laj sòf si kliyan an parèt gen plis pase 25 lane. Tout detayan ki vyole nouvo entèdiksyon an pral gen pou l peye yon amann \$250 pou chak vyolasyon. Yon seri konte nan eta a tankou Nassau ak Suffolk deja vote yon limit sou vant detay DXM bay moun ki poko gen 18 lane.

Senatè Mark Grisanti te di konsa, "Konsomasyon DXM ap ogmante nan mitan tinedjè yo epi youn nan rezon sa ap fèt se paske sibstans lan twò fasil pou jwenn. Antanke yon medikaman kap vann lib, anvan lejislasyon sa pa te gen ankenn limit sou kimoun ki ka achte medikaman ki gen DXM ladann. Nouvo lwa sa entèdi yo vann plis pase 100 medikaman bay nenpòt moun ki poko gen 18 lane."

Manm Asanble Ellen Jaffee te di konsa, "Mwen remèsye Gouvènè a pou vòt pwojè lwa sa epi pwoteje timoun ak fanmi nou yo. Nou bezwen asire n paran ak jèn yo konprann danje ki genyen nan medikaman

ki vann lib tankou DXM. Yon fwa vant fasil medikaman entèdi, ap gen plis priz konsyans. Se yon etap enpòtan pou diminye konsomasyon DXM epi elimine danje pou timoun yo.”

###

Des informations supplémentaires sont disponibles sur www.governor.ny.gov
Etat de New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418